

NYC TAKES ACTION TO DEFEND DACA

Will your DACA expire on or before March 5, 2018?

If so, you must renew before October 5, 2017!

On September 5, the White House announced major changes to the Deferred Action for Childhood Arrivals (DACA) program. DACA protects young immigrants from deportation, provides work authorization, and access to many benefits for over 30,000 New Yorkers and 800,000 individuals across the country.

Immediate Help for DACA Recipients



For Free & Safe Immigration Legal Help—Call 1-800-354-0365 between 9:00AM-6:00PM, Monday-Friday OR call 311 and say “ActionNYC”

For Free & Confidential Connections to Mental Health Care—in more than 200 languages, any time of day: Call 1-888-NYC-Well, text WELL to 65173, or go to nyc.gov/nycwell

How You Can Help

- **Call your Member of Congress**—Make your voice heard on DACA. The President has allowed for a 6-month “wind-down” period, during which Congress will have the opportunity to pass legislation to maintain the program.
Call: (202) 224-3121 (Press “2” then enter your zip code at the prompt)
- **Volunteer**—Join the Mayor’s Office during upcoming town halls and workshops.
Visit nyc.gov/MOIAVolunteer or email MOIA-Volunteers@cityhall.nyc.gov.
- **Inform & Engage**—Invite the Mayor’s Office of Immigrant Affairs to your community for a Know Your Rights Forum. Visit nyc.gov/InviteMOIA or call (212) 788-7654 during business hours.

Together, we will continue to stand up for our immigrant neighbors!

Changes to DACA

- DACA, or Deferred Action for Childhood Arrivals, is a federal immigration program begun in 2012 that helps undocumented immigrants who came to the U.S. as young people.
- As of September 5, 2017, the federal government will stop accepting new DACA applications.
- **People whose DACA will expire on or before March 5, 2018 can receive a two-year renewal if their renewal application is accepted by the federal government by October 5, 2017.**
- All current DACA statuses will remain valid until the date of their expiration.

To learn more, [visit nyc.gov/DACA](http://nyc.gov/DACA)

VIL NEW YORK AP AJI POU DEFANN DACA

Èske DACA ou pral ekspire 5 mas 2018 oswa avan sa?

Si sa pral rive ou, ou dwe renouvle li avan 5 oktòb 2017!

Jou ki te 5 septanm, Mezon Blanch te anonse yon kokennchenn chanjman nan pwogram Aksyon Difere pou Timoun Arive (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA). DACA pwoteje jèn imigran kont depòtasyon, bay otorizasyon travay, ak aksè nan anpil avantaj pou plis pase 30,000 Rezidan New York ak 800,000 moun atravè peyi an.

Gen Èd Pou Benefisyè DACA yo Touswit



Pou Èd Jiridik Imigrasyon Gratis ak San Danje—Rele 1-800-354-0365 ant 9:00AM ak 6:00PM, lendi jiska vandredi OSWA rele 311 epi di “ActionNYC”

Pou Koneksyon Gratis ak Konfidansyèl nan Swen Sante Mantal—nan plis pase 200 lang, nenpòt kilè nan jounen an: Rele 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355), voye yon tèks ki di WELL bay 65173 oswa ale sou nycwell.cityofnewyork.us

Kijan Ou Kapab Ede

- **Rele Manm Kongrè ou** —Fè yo tandè vwa ou sou DACA. Prezidan an te pèmèt yon peryòd 6 mwa pou “òganize”, kote kongrè pral gen yon opòtinite pou pase lwa pou kenbe pwogram nan. Rele: (202) 224-3121 (Peze “2” epi antre kòd postal ou lè yo mande ou)
- **Ofri Tèt ou Kòm Benevòl**—Vini nan pwochen reyinyon ak atelye biwo Majistra a k ap vini yo. Ale sou nyc.gov/MOIAVolunteer oswa voye yon Imèl bay MOIA-Volunteers@cityhall.nyc.gov
- **Enfòm ak Angaje**—Envite Biwo Majistra a pou Zafè imigran nan kominote w la pou yon Fowòm Konnen Dwa ou yo. Ale sou nyc.gov/InviteMOI A oswa rele (212) 788-7654 pandan lè biwo nou louvri.

Ansanm, nou pral kontinye kanpe pou vwazen imigran nou yo!

Chanjman nan DACA

- Aksyon Difere pou Timoun Arive (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), se yon pwogram imigrasyon federal ki te kòmanse an 2012 ki ede imigran san papye ki te vini nan peyi Etazini lè yo te jèn.
- Depi 5 septanm 2017, gouvènman federal la sispann aksepte nouvo aplikasyon pou DACA .
- Moun ki gen DACA k ap ekspire 5 mas 2018 oswa avan sa ka resevwa yon renouvèlman pou de (2) zan si gouvènman federal la aksepte renouvèlman aplikasyon yo a avan 5 oktòb 2017.
- Tout moun ki gen DACA kounye a ap toujou genyen li jiska dat ekspirasyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, [ale sou sitwèb nyc.gov/DACA](http://ale.sou.sitwèb.nyc.gov/DACA)